

Kesyonè evalyasyon sante

TOUT anplwaye DOE, vizitè, ak fanmi dwe ranpli fòm evalyasyon sante a avan yo rantre nan lokal DOE. Yo dwe fè evalyasyon sante sa a chak jou yo rive nan lokal la. Ou ka ranpli evalyasyon sante a tou sou entènèt nan: <https://healthscreening.schools.nyc/>. Lè w ap antre nan lokal la, si w potko ranpli fòm evalyasyon sante a sou entènèt, y ap mande w pou reponn kesyon sa yo.

1. Eske ou te fè eksperyans sentòm COVID-19, tankou lafyèv ki nan 100.0 degre F oswa pi wo, fèk gen yon tous, pa ka pran gou oswa pa ka pran sant, oswa souf kout nan 10 jou ki sot pase yo?

- Non. Ale nan kesyon apre a.
- Wi, epi rezilta tès COVID-19 mwen an te negatif apre m te kòmanse gen sentòm yo EPI mwen pa gen sentòm depi 24 èdtan. Ale nan kesyon apre a.
- Wi, epi mwen pa nan kategori pi wo yo. Ou pa bezwen kontinye evalyasyon an. Anplwaye/vizitè a pa ka antre nan bilding lan.

2. Nan 10 jou ki sot pase yo, èske ou te gen yon rezilta pozitif tès COVID-19 ki teste krache oswa itilize yon prelevman nen oswa gòj (pa yon tès san) ki te premye rezilta pozitif ou OSWA ki se rezilta APRE 90 jou apre ou te fin gen yon rezilta pozitif avan?

- Non. Ale nan kesyon apre a.
- Wi. Ou pa bezwen kontinye avèk kesyon yo. Anplwaye/vizitè a pa ka antre nan bilding lan.

3. Dapre tout sa ou konnen, nan 14 jou ki sot pase yo, èske ou te an kontak pwòch (**nan espas 6 pye pou omwen 10 minit**) avèk nenpòt moun ki teste pozitif pou COVID-19 pou premye fwa oswa yo di li gen gen sentòm COVID-19? Yo pa konsidere anplwaye nan klinik ki mete PPE ki apwopriye kòm kontak pwòch nan senaryo sa yo.

- Non. Ale nan kesyon apre a.
- Wi. Ou pa bezwen kontinye avèk kesyon yo. Anplwaye/vizitè a pa ka antre nan bilding lan.

4. Eske ou te vwayaje ale nan yon eta ki pa New Jersey, Pennsylvania, Connecticut, Massachusetts, oswa Vermont, **OSWA** nan yon peyi etranje nan 14 jou ki sot pase yo?

- Non. Anplwaye/vizitè a pa ka antre nan bilding lan.
- Wi, pou mwens pase 24 èdtan, epi mwen te pran oswa pral pran yon tès COVID nan 4yèm jou apre mwen te rive nan Nouyòk. Anplwaye/vizitè a ka antre nan bilding lan.
- Wi, pou plis pase 24 èdtan, epi mwen te pran yon tès COVID nan lesplas 72 èdtan AVAN mwen te rive nan Nouyòk, mwen te mete m nan karantèn pou omwen twa jou apre mwen te rive nan Nouyòk, epi mwen te pran yon dezyèm tès COVID nan 4yèm jou APRE mwen rive Nouyòk. Anplwaye/vizitè a ka antre nan bilding lan.
- Wi, epi mwen pa nan de kategori pi wo yo. Anplwaye/vizitè a pa ka antre nan bilding lan.

Depatman Edikasyon NYC ka chanje rekòmandasyon yo pandan sityasyon an ap evolye.

11.17.20